МЕКТЕП КИТАПХАНАСЫ

КҮНХОЖА



# ЕЛ МЕНЕН

*(Таңламалы қосықлары)*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1989

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚҚ I
К 96

**Күнхожа Ибрайым улы.**

**Ел менен:** *Таңламалы қосықлар топламы.* Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. — 62 бет.

**Мектеп китапханасы**

4702270102 — 091
——————————— 216 — 89
М—357 04 — 89

ISBN 5—8272—0180—X

© «Қарақалпақстан» 1984, 1989

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЖАЙЛАУЫМ

Ата журтым Түркстаннан келгели,
Ата-бабам қоныс басқан жайлаўым.
Анадан туўғалы, есим билгели,
Ойнап қатар өскен қалың жайлаўым.

Күн бойына байыр етип турақлы,
Мен кетермен әрман менен жырақлы,
Қамыс орып алтаў-жетеў орақлы,
Терис төбе, Узын қайыр, жайлаўым.

Өлим хабарынан келмегей саза,
Енди айтайын сөзди аманлық таза,
Ержан атаў менен шығысы Ырза,
Теңизлерден аўқат еткен, жайлаўым.

Балық аўлап Тоқтас, Мантық бойынан,
Балық шаншып жазда жүрип ойынан,
Шаншып, сайлап жүрип жайын мойнынан,
Ата-бабам, аўқат еткен, жайлаўым.

Әбдимурат молла, Ибрайым менен,
Және қаиталымда Измурат герен,
Қытай, Қоңырат ҳәм де қалың ел менен,
Ата-бабам, аўқат еткен, жайлаўым.

Аласат табылса барлық ел көшер,
Көбейип тур арамыздан қан ишер,
Жетим жылап, ылақ маңырап күн кешер,
Әрман билен жүрермен бе, жайлаўым?

Жайлаўым Жалайыр, Көпир ҳәм Бөгет,
Суў келер ме деген бизде бар үмит,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шақақ урар ақыр бир күн қыз-жигит,
Әрман билен қайғыда өскен, жайлаўым.

Әўел-ҳа өскеним Көк өзек бойы,
Адамның жетер ме шуғылға ойы,
Пуқараның таймағайлар тап-күйи,
Әрман билен өскен арзыў, жайлаўым.

Қызлар менен суҳбет етип билгенше,
Дослық, меҳрибанлық етип өлгенше,
Сен арман тур, сен берман тур дегенше,
Әрман билен өскен арзыў, жайлаўым.

Бекбан шағыл, Жаңа суўдың бойлары,
Шарқыраўық, «Муйтен бөгет» жайлары,
Жайылған байлардың сансыз қойлары,
Көзиме тотыя жүрген, жайлаўым.

Көл саға, Айырша, Тербенбес теңиз,
Әсиресе Айыршада өскенбиз,
Бириккенде көкейлерин кескенбиз,
Әрман билен айра түскен, жайлаўым.

Жайлаўым жай еди мәлим ҳәммеге,
Қуда бахыт бермеди ме бизлерге,
Ҳәсиретиниң дағы енди жүзлерге,
Әрман билен қалармысаң, жайлаўым?..

## ӨЛИМ

Ата-анам өлди туўысқан қалды,
Бул пәлек басыма әламат салды.
Ағалар, бул өлим ақылымды алды,
Кейниме түсип тур залым, бул өлим.

Бул өлим қурытты мениң ҳалымды,
Қыйнадылар енди шийрин жанымды,
Ашпады ол мениң бақ-ығбалымды,
Кейниме түсип тур залым, бул өлим.

Шуўлап баллар қалды, ата-аналап,
Мен жүрермен қай бир жерди паналап,
Бир нешениң ырысқалыны шамалап,
Келдилер басыма аға, бул өлим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЙДА

Мен кеткели болды жети жыл, жети ай,
Азап-ақырет пенен өмир өтти-ай,
Елимди сағындым, дәрманым кетти-ай,
Ҳәр түрли қыял бар, ойласам ойда.

Илажым жоқ қалдым байға таңылып,
Таспимнен нетып-аў қалдым жаңылып,
Йзде қалған ата-анамды сағынып,
Елжиреп кеўилим турмайды ойда.

Кирпишешен киби мен жыйырылып,
Мынаў жүрмен бүкирейип, ийрилип,
Арқам жаўыр болды қаптан сыйрылып,
Сөзимнен болмаса, күшим жоқ бойда,

Еки қыз, бир ул бар өзимнен киши,
Тәнимниң мәдәри, кеўлимниң хошы,
Келеме ағам деп үйимниң иши,
Бүгинлери олар екен не жайда?

Талайым бахытсыз, бахты қараман,
Бул заманда енди қалай қыламан,
Аўылыма, үйге ешейин бараман,
Сонша жылғы жүргенимнен не пайда!

Жайнап-жаспап шад болып бир жүре алмай,
Ата-ана, туўысқанды көре алмай,
Аманлықта барып бәрин биле алмай,
Аҳ, урып, қарайсаң ҳәр күн, ҳәр айда.

Жумысты етсем де жетпеди қолым,
Бахыт ашылмады, өнбеди жолым,
Қалтамда жоқ аббаз шайы бир пулым,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

## ҚАШАН КӨРЕРМЕН?

Паяны жоқ бул дүньяда,
Қашан анамды көрермен?
Әрман менен бул дүньяда,
Йығлап-йығлап жүрермен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүньяның жəбири жаманды,
Душпанның басы аманды,
Байыў патшаға зор заманды,
Сонлықтан йығлап жүрермен.

Он жыл болды елден кеттим,
Хийўада мен хызмет еттим,
Елди сағынып зар еттим,
Халқымды қашан көрермен?

Қара пул болмай табысым,
Келип тур мине намысым,
Абдимурат жаным достым,
Аўылды қашан көрермен?

Ядымнан анам кетпеди,
Бир күн бир айдай өтпеди,
Тапқаным тамаққа жетпеди,
Аўылды қашан көрермен?

## БОЛАР МА ЕКЕН?

Бул жүристен ҳаял алып,
Қыдырысып жең салысып,
Дийдилеген жерден шығып,
Шадланар күн болар ма екен?

Əжел қурығы жағам тутты,
Жылай-жылай өмир өтти,
Душпанлар азап көрсетти,
Қутылар күн болар ма екен?

Шапаным диземди жаппай,
Бирин тапсам, бирин таппай,
Мурадыма жете алмай,
Жетер күнлер болар ма екен.

Қатар-қурбы Сəрбиназды,
Қысын əйлеген жазды,
Жигитлердиң көрки қызды,
Көрер күнлер болар ма екен?

Қəҳəри жаман ғазаптан,
Қутылынбас азаптан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийрими жоқ инсапсыздан,
Қутылар күн болар ма екен?

Дуньяда шалықлап жүрип,
Ата-ана көзин көрип,
Азлы-көпли өмир сүрип,
Жүрер күнлер болар ма екен?

Азап-ақыреттен қутылып,
Алдымызға умтылып,
Қара қайғы душпанға келип,
Жүрер күнлер болар ма екен?

Бауырласты, қара көзди,
Ләби паллы, шекер сөзли,
Ярдан қалдырмағай бизди,
Көрер күнлер болар ма екен?

...Бес жыл аралап қазақты,
Басыма салып ғазапты,
Аман-есен қарақалпақты,
Көрер күнлер болар ма екен?

...Жети жыллар жүргенлерди,
Азап-ақырет көргенлерди,
Душпанға сазай бергенлерди,
Айтар күнлер болар ма екен?

Бул сөзимди баян етип,
Аман-есен елге жетип,
Үргениш журтына кетип,
Шадланар күн болар ма екен?

## КҮН ҚАЙДА?

Ордық орақ, шаптық отын, қаздық жап,
Тердик мақсақ, ийиимизге салдық қап,
Жас өмирлер гүлдей болып болдық сап,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Орақ орып, өмир бойы болдық қул,
Ислесек те ала алмадық қара пул,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не жананлар байы өлип қалды тул,
Енди буған жайнап-жаснар күн қайда?

Күни-түни ордық пишен, салыны.
Гүздиң күни жыйдық пискен тарын
Өмиринше бир тоймаған қарыны,
Аш-жалаңаш биз сорлыға күн қайда?

Салық салып усы ҳалға ҳәрдайым,
Салығын салыўға биз болдық қайым,
Бир жутым бул ўақта болды ууайым,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Ийинге тартарлық және жоқ кийим,
Ҳәм де ағайын жоқ, қәўендер бейим,
Көсилип жатарға және жоқ үйим,
Бул жүристен енди бизге күн қайда·

Тапқанымыз жетпей қара теңгеге,
Аўыстырып кийим алып кийерге,
Ҳәм базарлық қатар-қурбы жеңгеге,
Алып барар енди бизге ҳал қайда?

Не пайда, жигитлер, жалғаншы дүнья,
Алдады бизлерди жол салып қыя,
Қара басқа бул не деген ўақыя,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Ашығың бар еди талмадай бойы,
Қатарынан артық, ақыл ҳәм ойы,
Болар деп қуўанған жақсылық тойы,
Жийемурат, көретуғын күн қайда?

Жийемурат сениң менен едим дос,
Жер айдасам, бирге барып салдым қос,
Жоқшылықтан қалдың мине бүгин бос,
Ашығыңа жететуғын күн қайда?

Буяқтағы көрген хорлық-азапты,
Күни-түни ислеп аўыр талапты,
Шай орнына ишкен айран-шалапты,
Қушақласып айтатуғын күн қайда?



www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайғыдан қарайып қайнаған иши,
Билектен майырылып жоқ болған күши.
Сайымбетжан един бизлерден киши,
Сақтың сынбай журетуғын күн қайда?

Бес жасында ағаң менен қой бақтың,
Сен шопаны болдың қозы-ылақтың,
Жол тап, жан шырағым, сынбасын сақтың,
Жайнап-жаснап туратуғын күн қайда?

Қасымдағы еки бирдей жолдасым,
Қайғылыққа түсти мениң бул басым,
Көзден көл-дәрья боп ақтылар жасым,
Бул дүиьяға шыққан менен не пайда?

## ЯРЫМ ХОШ ЕНДИ

Сәрҳаўыз бойында отырма, турма,
Гүлдиң шақасына бүлбил қондырма,
Ярым келмейди деп мойныңды бурма,
Кетсем тез келермен, ярым, хош енди.

Қол былғап кейнимнен қарап удайы,
Кеўилимниң кетти дәрттен ҳал-жайы,
Сен един ғой бул дүньяның сарайы,
Кетсем тез келермен, ярым, хош енди.

Мойныма түсипти залым қурығы,
Шыбын жанға өтти берген хорлығы,
Жазықсыз жандырды еткен зорлығы,
Кетсем тез келермен, ярым, хош енди.

Кесе журтқа кеттим, ерким жоқ баста,
Ғумша ғүлим солды, бул басым жаста,
Күни-түни қайғы, еки көзим жаста,
Көрискеймиз, сүйген ярым, хош енди.

Залымлардың түстим кеше қолына,
Айдады залымлар салып жолына,
Адамзат шығалмай оңы-солына,
Кеттик сүйген ярым, енди, хош енди.

Бул басыма түсти мениң бул думан,
Аман қутыларым болдылар гүман,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неғайбыл өзиме, қаларым аман,
Қайтып келгенимше, ярым, хош енди.

Жүзим сарғышланды қайғы-қападан,
Өкпем ҳәм осылды жәбириў-жападан,
Әрман менен өтер болдым дүньядан,
Келгенимше ғәрип анам, хош енди.

Мен қайтып келгенше азып ҳәм тозба,
Аспандағы айға қолыңды созба,
Тағы басқа иске мойныңды бурма,
Кетсем, тез келермен, ярым, хош енди.

Ярым аңлап, бул сөзиме қулақ сал,
Душпан бундай қылды, енди не ҳамал?
Өле ғойсам, умытпағыл, ойыңа ал,
Қайтып келгенимше, ярым, хош енди.

## ҚАЙТЫП КЕЛ

Артыңда қалдым аңырап,
Күни-түниңде зар жылап,
Турарман ҳалыңнан сорап,
Сүйген ашығым, қайтып кел...

Түстиң залымның қолына,
Қурды дузақты жолыңа,
Қарамады хеш ҳалыма,
Сүйген ашығым, қайтып кел.

Айдаўда көзиң жаўдырап,
Буўып аяғың салдырап,
Қалдым артыңда зар жылап,
Сүйген ашығым, қайтып кел.

Жөнин таўып ҳәр бир истиң,
Барын жумсап ҳәмме күштиң,
Қуў кейнинен кеткен өштиң,
Ғайратлы ярым, қайтып кел.

Сен келмесең жылай-жылай,
Мен өлермен әрман менен,
Шынлық ҳалы болып солай,
Мен өлермен азап пенен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗЫЛ ҚУМ

Мунарланып көринесең алыстан,
Не қыйынлық ислериң өттилер бастан,
Басында жүрип мен етейин дәстан,
Қырымнның қырындай түриң Қызыл қум.

Басында сексеўил, маялыш, шеңгел,
Жыңғылың тағы бар сениң, Қызыл қум.
Шыққан шөплериңе мен қойсам кеўил,
Келбетлериң сондай сениң, Қызыл қум.

Қара таўдан кейин емес келбетиң,
Думан менен толып турады шетиң,
Үргин үрип, оған бурылса бетиң,
Ағысты бөгейди пәтиң, Қызыл қум.

## ШОПАНЛАР

Сарылып күни-түни қойдың изинде,
Қан қалмай сарғайып қызыл жүзинде,
Қанлы жас қапланып еки көзинде,
Қула дүзде жүрген мынаў, шопанлар.

Ийнинде жумыры салынган торға,
Меслерин арқалап қозғалып зорға,
Төслери қайқайып шыға алмай қырға,
Асқар қумды аралаған шопанлар.

Шарықтан шырмалып еки аяғы,
Аўыр болып талдан кескен таяғы,
Аўыр сөзге ҳәм сарсылып қулағы,
Қула дүзде қайғыда жүр шопанлар.

Үстинде шапаны бийтлери ағып,
Қанын сорып, арқасына от жағып,
Тикен кирип аяғынан қан ағып,
Етиксиз тоғайда жүрген шопанлар.

Киминиң арқасын таяқлар тилген,
Биразының қолы отларға күйген,
Жасы жетпей қыпша бели бүгилген,
Сансыз қой кейининде жүрген шопанлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ата-аналары өлип жасынан,
Таз болып торағы ағып басынан,
Қызыл қум сел болып көздиң жасынан,
Жай табылмай жүрген мынаў, шопанлар.

Аш болса кейинине ермей ийтлери,
Тарыққаннан тарғыл болып бетлери,
Қус түткендей тилким-тилким етлери,
Азаптан шыға алмай жүрген шопанлар.

Жетим болып шарға болған бойлары,
Артық ҳәммелерден ақыл-ойлары.
Қайысып баққаны байдың қойлары,
Бир ылаққа үш жыл жүрген шопанлар.

Қайнаған ыссыда қумларды басып,
Алаңлап көзлери, ақылдан сасып,
Қойы жайылғанда, арқасын қасып,
Күни ушын жүрген ғәрип шопанлар.

Беллери бүгилип, көзлери тынып,
Жата алмай дем алып бир майдан жылып.
Топыраққа былғанып, терлери ағып,
Төсексиз далада жатқан шопанлар.

## ЕШКИМ БАР

Еки қулағы салынған,
«Саў» деп, маңырап жалынған,
Он бес жыл жүрип алынған,
Рейим аға бир ешким бар.

Саўрысын көрсең қалақтай,
Өкпеси искен талақтай,
Сүти таўдағы булақтай,
Рейим аға бир ешким бар.

Әкелсе камалға келтирген,
Үшмезгил келип сүт берген,
Жалғыз ылақ изине ерген,
Сыйырдай, аға, ешким бар.

Жыласа берсе қойдырған,
Ашлықты азмаз қойдырған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала-шағаны тойдырған,
Ағажан жалғыз ешким бар

Қарасам, аға, ҳалыңнан,
Зыят байдың жүз малынан,
Бақырар кетсең жанынан,
Жүдә жақсы бир ешким бар.

Аўзын ашып аңырайды,
Ерте турып маңырайды,
Алды-артына қарайды,
Сонындай жалғыз ешким бар.

Жалғыз болса да мыңдай маған,
Айтарлық сөз усы саған.
Айтсам жағар сөзим оған,
Жанымнан жақсы ешким бар.

Бир-биреўге етип мирәт,
Көрдим аға жүдә рәҳәт,
Қудайға жүз мын рахмет,
Бир енди жалғыз ешким бар.

Ешкимниң сулыў ылағы,
Тикирейип еки қулағы,
Қасына келип турады,
Ылақлы, аға, ешким бар.

Кешиўлер болса, кешип кет,
Шешиўлер болса, шешип кет,
Аға, келип сүт ишип кет,
Ағажан, жалғыз ешким бар.

## ЖАЎ ТОРҒАЙ

Жаў шымшық жүдә көп болды,
Жүўерини жеп болды,
Қарнына барып нуп болды,
Баян етсем жаў торғайды.

Ерте бәҳәр қосты айдап,
Қуралымды алып сайлап,
Бар күшимди сарп әйлеп,
Баян етсем жаў торғайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арбалап төгин төккендей,
Тақыялап тухым сепкендей,
Асымды жеп, бир еккендей,
Не қыламан, жаў торғайды?

Дәнди сеўип, мушым түйе,
Баратыр ишлерим куйе,
Мийнетиме болды ийе,
Не қыламан, жаў торғайды?

Тумсығын суғып дәниме,
Қол салды мийнет кәниме,
Жаў шығар деймен басыма,
Удайына жаў торғайды.

Еккен тарым болды ушық,
Ислерим болды қыйыршық,
Ҳәр жүўериге бир шымшық,
Не қыламан, жаў торғайды?

Жаў торғай анды алдырды,
Есимди және тандырды,
Бизди напақасыз қалдырды,
Не қыламан, жаў торғайды?

Ол да бизлердей болғай,
Үнеми жоқ боп, шырлап қалғай,
Бизлер бир мүҳмин, боз торғай,
Не қыламан, жаў торғайды?

Айтайын енди сөзимди,
Солдырар мынаў жүзимди,
Ушырмасам шоқыр көзимди,
Мурдар нәлет жаў торғайды.

Ушырсам, уллы даў болды,
Маған бир жаман жаў болды,
Алдыма қурған аў болды,
Не қыламан жаў торғайды?

Жаў торғайды жылан сорғай,
Алысыўға ара шалғай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақын достым қара торғай,
Жоқ қылайық жаў торғайды.

## АЗЫЎЛЫ

Бул заман мақаў-пестей,
Қарны суў салған местей,
Гидирипдур бәлент-пәстей,
Баян етсем азыўлыны.

Бизиң тары көп болыпты,
Айналасы шөп болыпты,
Шошқа қабан жоқ қылыпты,
Не қыламан азыўлыны?

Жан алғыштай қабақ үйип,
Ҳарам күшин белге түйип,
Қаўынымды кетти түйип,
Не қыламан азыўлыны?

Мийримсиз бул залым шошқа,
Бәрҳә зыян ўақты хошта,
Байға—жақсы, жаман—ашқа,
Не қыламан азыўлыны?

## ДОҢЫЗ ҚАБАҚ

Қулақ салыңлар айтаман,
Күнде талап қып қайтаман,
Мына сөзди молайтаман,
Халыққа мәлим доңыз қабақ.

Анаў күн ғәплетте жаттым,
Душпанымды байлап аттым,
Шошқа келди қылын тарттым,
Шалқып кетти доңыз қабақ,

Мен жатырман қылып тутқан,
Талап етип қурып жатқан,
Шошқаны қоймай қорқытқан,
Үлкен қурал доңыз қабақ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрмесеңизлер карамат,
Душпанларға көп маламат,
Шығарғанға рахмет,
Үлкен қурал доңыз қабақ.

## ШАЛЫҚЛАП МАҚСЕТЛИ ЖЕРГЕ БАРАЛМАЙ.

Шалықлап мақсетли жерге баралмай,
Қатар-қурбы менен дәўран сүре алмай,
Бир тапқаным бир тапқанға қуралмай,
Бес табақтан аспай сол жыл қырманым.

Шыны достым Бердақ шайыр, Муртаза,
Белгили затымыз аў менен қаза,
Дүньядан әўере өттим Күнхожа,
Бес күн орынланбай мақсет-мурадым.

Күним сеннен кешти, Арал теңиз,
Ашлық, жаўгершилик жыл-жылдан егиз,
Сексенбир жыл сеннен аўқат еттик биз.
Арал теңиз, жоқдур сеннен әрманым.

Ҳәрким жәрдем берер, берсең бизге қол,
Түрли қызық ҳәм тамаша кетти мол,
Өскен жерим Айырша менен Излим жол,
Жеткен жери бир қудадан пәрманым.

Қатар-қурбы басын қосып жыялмай,
Қарным тойып бир күн тамақ жей алмай,
Өмирликке пүтин шапан кийе алмай,
Жоқшылықтан қурып динке, дәрмаиым·

Бир-бирин сағынбай ер менен зайып,
Нан табалмай посып жүрген халайық,
Ат шоқай, қара-өлең бизиң ылайық,
Түрин танымадым паннын, жарманың.

Байлар налысыма қулағын салмай,
Мийнетимди ҳешким есапқа алмай,
Бир айғы талабым жарты нан болмай,
Жигерим қум болды, тыңланбай зарым,

Бирнешшелер кетти Шабат, Марыға,
Бизлер қалдық шығыр егип жарыға, .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир айына қырқағары тарыға,
Сол жылы толмады мениң қырманым.

Ғәзеп етип Хийўа бизди шақырып,
Тоғыз күнде зорға жеттик сабылып,
Ортаға шығарып ҳусниме күлип,
Тарыдай төгилди намыс ҳәм арым.

Кеўил бөлип келбетиме қарамай,
Миймаи болып ҳал-жайымнан сорамай,
Қайта баслап мен алдына баралмай,
Кеўлимде дақ болды мақсетли зарым.

Өмиримше қырын қарадың, қуда,
Дүнья қызығынан айледиң жудә,
Бир жарымай өмирим болып тур ада,
Өмирге бир кирмей диңке дәрманым.

Жүрегимди жарды таршылық заман,
Қатар-қурбы менен сүре алмай дәўран,
Күнхожа атым, урыўымыз қалқаман,
Нан табалмай, өмир бойы жаўрадым.

## МЕНИҢ БАЛАМ

Иңгалайды шырқырайды,
Жубанбайды жыласа,
Анасынан сүт шықпайды,
Қанша ықлас қылса да.

Анасы аш балам жатыр,
Жубанбастан шырқырап,
Анасы да қайғыда отыр,
Қапталында зар жылап.

Балам мениң шарға болды,
Анасынан сүт шықпай,
Ашлық болып гүлдей солды,
Адым атып жүре алмай.

Мениң балам бала еди,
Душпаннан өш алғандай,
Мениң балам сондай еди,
Жаўға ойран салғандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң балам,
Кейниме ере алмай,
Мен де оны,
Аяйман да жылайман.
Жүрмен өзим жақтылықты көре алмай,

Мениң балам,
Кем емес еди басқадан,
Қоймады аллам,
Алып оны жасынан.

Мениң балам,
Өлди еки жасында,
Тура алмадым оған шыдап,
Көн жыладым қасында.

Мениң балам,
Жақсы еди ақыллы,
Көп жасамай өлип кетти,
Болмай менде турақлы,

Өлди балам,
Маған енди келмейди,
Жыласам да,
Қудай маған бермейди,
Мениң балам —
Өлмегенде палўан боп,
Бел бууынып —
Түсер еди гүреске.

Мениң балам,
Өлип кетти,
Дедигине жете алмай,
Өмир жасын қысқа етти,
Адым атып жүре алмай.

Мениң балам, саў болғанда,
Жүрер еди сайранлап,
Өлим оғы тиймегенде.
Гүресер еди бел байлап.

Мениң балам,
Гүлдей солды жасынан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ис ақыры сондай болды
Өтти бул да басымнан.

## БАЙ БАЛАСЫ

Астына минип жорғаны,
Кийипти өңкей торқаны,
Қасында болыс порқаны,
Сондай болар бай баласы.

Тарлықты ҳешбир ойламас,
Ылақ шаўып, тойдан қалмас,
Айтқанына қулақ салмас,
Мен-мен болар бай баласы.

Жаман болса да жақсыдай,
Атағы бар сондай-сондай,
Келген сөзлерге тартынбай,
Сөйлер еркин бай баласы,

Қызларды көрсе қызығып,
Сөз салғанша асығып,
Жайраңлайды жүрмес буғып,
Сондай еркин бай баласы.

Болсадағы мурны пушық,
Мыңқ-мыңқ етип айтар қосық
Келбетин қарасаң пасық,
Сонда да зор бай баласы,

Арқасы болса да бүкир,
Ҳалын билип етпес шүкир,
Иши толған қара пикир,
Ардаңлайды бай баласы.

Аўзы жырық болсадағы,
Еситпесе де қулағы,
Қыйсық болса да аяғы,
Дүзиў-сәнли бай баласы.

Болсадағы көзи соқыр,
Етседағы мурны пыр-пыр,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тойда көрсең алдында отыр.
Сондай сулыў бай баласы.

Қол созып ушқан қусларға,
Салқын түсирип жазларға,
Ылақ таслайды қызларға,
Кеўли өсип бай баласы,

Қызлардың иши күйеди,
Басларын жорта ийеди,
Ҳәрким тапқанын түйеди,
Той баслайды бай баласы.

## КӨРЕРСЕҢ

Жасыңнан жетилип дүньяға шығып,
Асық ойнап, ойын топларын жыйып,
Жаз болса биреўдиң ылағын бағып,
Шөллерди ҳәм қызыл қумды көрерсең.

Маңлайыңа питкен малың болмаса,
Астыңа минерге атың болмаса,
Ҳәмде қораң толы қойың болмаса,
Жоқшылықтан не қорлықлар көрерсең.

Панапан жатарға үйиң болмаса,
Үйиңде ишерге асың болмаса,
Керегиң ўақтында тайын турмаса,
Биреў келсе жерге кирип өлерсең.

Көзиң жайнап қарап ояқ-буяққа,
Тиленип барарсаң енди қаяққа,
Ештеңе бере алмай келген қонаққа,
Уялып ақырет-азап көрерсең.

Бала-шағаң болса ҳәммелери жас,
Кийерге кийим жоқ, болса жалаңаш,
Сатарға малың жоқ, ҳәмде болсаң аш,
Оларға тамақты қайдан берерсең.

Жоқ болса саўарлық саўынға малың,
Жаздың күнлеринде не болар ҳалың,
Гүзе алып айран сорап ҳаялың,
Кемтарлықтан көп ақырет көрерсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# КЕЛИН

Шықтың бийжағдай шетиме,
Қорықтың ба, балам, неге,
Жалт-жалт қарайсаң бетиме,
Менде гәпиң барма, келин?

Шашың узын, бетиң аппақ,
Қасларың қыйғаш ақ тамақ,
Бахтыңды байлаған ақмақ,
Қайда жүрдиң жас келиним?

Қысым-қысым беллериң,
Шийриннен татлы тиллериң,
Жаўдырап еки көзлериң,
Тутқын болып турсаң, келин.

Енди етип ерте талап,
Көр өзиң бахтың сынап,
Ерте бастан теңиңди тап,
Сүймесиңде турма, келин.

Жасыңнан өкпең осылып,
Өкпең әрман менен жосылып,
Кеўил сүймеске қосылып,
Қайғы менен турсаң, келин,

Қара қасларың қыйылып,
Байқасам, белиң таўланып,
Қайғылы ата уўланып,
Сүймесиңде турсаң, келин.

Қарасам сениң қәддиңе,
Кимлер келеди пәстиңе,
Жаман жараспас дәстиңе,
Өз теңиңе қосыл, келин·

Өткерме өмирди зая,
Бир өзиңе тиле сая,
Дуўры жолдан кетпе қыя,
Өз теңиңди тапқыл, келин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келин қарап қайнаға,
Хызмет етер атаға,
Қул болып қуры патаға,
Бул хорлықта жүрме келин.

## УМЫТПАСПАН

Өмиримде бир ис көрдим,
Буны ҳеш бир умытпаспан,
Жаңа едим ҳәм гөнердим,
Оны ҳеш ўақ умытпаспан.

Хийўа ханнан адам келди,
Шуўлатып ҳәм барлық елди,
Қайыстырып мықлы белди,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.

Шыбын жанға ғәзеп етти,
Сонда бизге дерек жетти,
Хийўа ханы алып кетти,
Буны дағы умытпаспан.

Айдады бизди Хийўаға,
Қоймай бир майдан саўаға,
Дәрт үстеме болды даўаға,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.

Қайыққа миндик дарғада,
Көп ойландық ол жағада,
Жыласты ини-аға да,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.

Дарғадан өттик аржаққа,
Интизар болдық бержаққа,
Жүресең деди сол жаққа,
Оны дағы умытпаспан.

Бес-алты бақсы қуралды,
Бул истиң жөни соралды,
Көўил ҳәр иске таралды,
Өмиримше умытпаспан.

Көз жас төгилип далаға,
Қарамай ата балаға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келдик атақлы қалаға,
Буны ҳешбир умытпаспан.

Үш ағаш тур кең майданда,
Орналасып қызыл қанға,
Қыйылып ҳәм шыбын жан да,
Турғанларын умытпаспан.

Бул дар екен көринген,
Көп адамлар илдирилген,
Табанлары тилдирилген.
Буларды ҳеш умытпаспан.

Адам өлген жайып қушақ,
Көздиң жасы моншақ-моншақ,
Қолларында өткир пышақ,
Жәллатларды умытпаспан.

Кирдик қалаға тез жүрип,
Анталады ийтлер үрип,
Тахт үстинде дәўран сүрип,
Турған ханды умытпаспан.

Ертеңине ханға бардық,
Жай-жағдайды ҳәм де айттық,
Етти бизлерге жаманлық,
Буларды ҳеш умытпаспан.

Жыйылыпты гүллән бақсы,
Кими жаман, кими жақсы,
Жасаўыллар болып сақшы,
Сынады сонда бизлерди.

Жақсы болса айтқанлары,
Ҳәм даўысы шыққанлары,
Босаң ҳәм де шаққанлары,
Деп сынады Хийўа ханы,

Соңғы күни келди гезек,
Жаз күнлер ҳәм болды гүзек.
Болдым сонда жетим гөжек,
Ақ бетимниң қашты қаны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шерттим дуўтар, айттым қосық,
Кеўлимде қайнап қаслық,
Табылмады ҳешбир дослық,
Көбейди көптиң душпаны.

Бақсыларға байрақ берди,
Жақсыларды жаман көрди,
Лапгөй деп шаўқым көтерди,
Мен оларға ҳеш жақпадым.

Әкелди алдыма түйе,
Жағылды бетиме күйе,
Өлимтикке болдым ийе,
Буны ҳешбир умытпаспан.

Хийўа хан келди қасыма,
Салды зәўлимди басыма,
Қарамай аққан жасыма,
Аққан терди тыңламады.

Қотыр түйе байрақ алдым,
Басқасынан қуры қалдым,
Умытпасқа ойға салдым,
Өмирликке тамға етип.

Мениң арым келди оған,
Келе алмады тамыр-туўған,
Бизди буған несип қылған,
Умытпаспан өлгенимше.

Мен ойладым сол ўақытта,
Хан ақылсыз деп тахтта,
Өз исиме болып пухта,
Қупыялап қосық айттым.

Хийўадан алған сыйым сол,
Аўылға қарап тарттым жол,
Байланды әбден еки қол,
Бул хорлықты умытпаспан.

Қайтып Хийўаға келмеспен,
Сөз айтты сирә демеспен,
Өз еркимди ҳеш бермеспен,
Хорлықларын умытпаспан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хорлығы өтти өзиме,
Жаслар келтирди көзиме,
Қалғанлар қарар сөзиме.
Буны дағы умытпаспан.

## ТҮЙЕ ЕКЕНСЕҢ

Шөк дегенде шөгермисең,
Көп жасаған түйе екенсең,
Тоқтамыстан аррағырақ,
Шыңғыс ханды билермисең?

Сизге айтаман, түйе жора,
Бир көзиң гөр, арқаң жара,
Пириңиздур Ойсыл қара,
Оларды ҳәм билермисең?

Жанлық пири Шопан ата,
Малдың пири Зәңги баба,
Жылқы пири Жылқышы ата,
Оларды ҳәм билермисең?

Патшалық жол буннан қалған,
Қусты жыйнап заўал салған,
Жер жүзине патша болған,
Сулейманды билермисең?

Түйе болсаң малдан озған,
Буўра көрсең, арқаң қозған,
Шилпе-шилпе көзиң тозған,
Бәрин түйем көрермисең?

Қозғалмайсаң, тийгендей оқ,
Мойныңызда әжел қурық,
Айтқанымнан хабарың жоқ,
Бир жуўабын берермисең?

Шылбыр емес, буйдаң аўыр
Қуртлар жеген қатпа баўыр
Өзиң арық, арқаң жаўыр,
Туўғаныңды билермисең?

Шыңғыс ханнан берегерек,
Мәдеминнен аррағырақ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қийип өткен зер-зербарақ,
Мәдирейим ханды билермисең?

Адамзат пенен исиң жоқ,
Ийелер сени киси жоқ.
Аўзыңда жалғыз тисиң жоқ,
Жантақ жеўди билермисең?

Ойлап-ойлап, ойлап турсам,
Шәҳәрге пайтах жар урсам,
Төбелеп ет қылып сойсам,
Насыбай пулы болармысаң?

Патшаның сенсең жасы малы,
Уқсаған малға дусмалы,
Мәдемин ханның бас малы,
Жети атаңды билермисең?

Жаҳанның келген апаты,
Шаҳның берген бизге аты,
Хийўа ханның сый-сыпаты,
Жол қәрежет болармысаң?

Семирсин деп жем берди ме?
Жем берсе де кем берди ме?
Қаңтарыпты, дем бердиме?
Буны нарым билермисең?

Кел дегенде, келермисең?
От жеймен деп, жүрермисең?
Көзи соқыр, суўсармысаң?
Усы ўақытта өлермисең?

Сенде қуўрап қалған тикеш,
Ат қошшылар, буйдасын шеш!
Қара бууўра қыйсық өркеш,
Заманыңда түйе екенсең.

Өспей-шықпай қалған жүниң,
Өзи жасық арық етиң.
Ҳарам өлип дүзде көниң,
Қалатуғын түйе екенсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күлки болып ярға, досқа,
Шежиредеги қалған нусқа,
Буннан жақсы кеткен босқа,
Көп жасаған түйе екенсең.

Айры өркеш, келбетиң зор,
Көп жас минип қурыпты тор,
Қартайғанда болыпсаң хор,
Заманыңда түйе екенсең.

Сеннен туўған тайлақ болса,
Бул да берген сыйлық болса,
Төлиң менен байрақ болса,
Өнип-өсер түйе екенсең.

Көп жасаған түйе олжа,
Мақтымқулыдай алдың болжа,
Әўере болған Күнхожа,
Заманыңда түйе екенсең.

## ОРАҚШЫЛАР

Полат орағы қолында,
Жүрген талаптың жолында,
Атыздың оңлы-солында,
Жүрген күн-түн орақшылар.

Ийнинде күнлик шапаны,
Пақалға тыриалып саны.
Бәрқулла қыйналып жаны.
Атызда жүр орақшылар.

Беллери төмен бүгилип,
Оннан да бетер ийилип,
Көзинен жасы төгилип,
Зар жылап жүр орақшылар.

Туўған жерлерин сағынып,
Қайғыдан ҳәйкел тағынып,
Ҳал сорасқанға шағынып,
Қайғыда жүр орақшылар.

Өскен жерине жете алмай.
Жумысты таслап кете алмай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Асқар қумлардан өте алмай,
Қайғыда жүр орақшылар.

Не қылсын олар қыйланбай,
Жумыс ислейди бир тынбай,
Аўыл-елине қайта алмай,
Жүрген, мынаў, орақшылар.

Қарасаң жүзлери сары,
Орғанлары пискен тары,
Бул ислерге келип ары,
Жүрген, мынаў орақшылар.

Аўылға аман қайтқайсыз,
Балаларыңды қуўаптқайсыз,
Душпанларды муңайтқайсыз,
Хош аман бол, орақшылар.

## ЕЛ МЕНЕН

...Бирнешелер кийип қамқа паршалар,
Алтын менен толтырса да аршалар,
Халқыңды сораса зулым патшалар,
Қассап яңлы күни кешер дар билен.

Адамға қаст етип мийрими келмес,
Ким жаман, ким яқшы — парқыны билмес,
Жыласаң да көздиң яшыны көрмес,
Патша жаман болса күниң зар билен.

Уламаға керек дуўры сөзлемек,
Ҳақ жол менен шариятын гөзлемек,
Халықтың оңар жағын бәрҳә излемек,
Байланысып түйин шешиў ел менен.

Бир-биреўге туўысқанлық бермек қол,
Қара түнде сәрдар болып таппақ жол,
Питиў ушын удайына оңлы-сол,
Ислеў керек барлық жағын ел менен.

Аспанға ушарсаң, болса қанатың,
Шад боларсаң, шадлы болса елатың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халқың менен болса тилек-мурадың,
Сапа сүрсең узақ сапа жыл билен.

Алдыңда жол басар ағаң ҳәм болса,
Жаптан туўры ағар суўың ҳәм болса,
Ексең, гүлиң ғуншаланып солмаса,
Кеўлим шадланады узақ жыл билен.

Опасыз дүньяда ашылған гүллер,
Қәпестеги сайрап турған бүлбиллер,
Дүньядағы бағыў-ҳәрем, шәменлер,
Оның рәўиши, көрки ел билен.

Атқа минип даңқын көкке жетирген,
Қысымлығын күннен-күнге өтирген.
Өзине жаққанның исин питирген,
Олардың ҳәм күни кешер ел билен.

Ғәзийне толысы алтын ақшаның,
Ҳәўли-ҳәрем, және бағы-бақшаның,
Халықты сораң турған ханыў-патшаның,
Шалқығаны ғәрии қәсер ел билен.

Мәрўерттен салынған сарай жайлардың,
Аспандағы жақты, жарық айлардың,
Малы көп дүньяда муңсыз байлардың,
Шалқыўына себеп сорлы қул билен.

Адамның көркейип, адам болмағы,
Адамның шалықлап, шадлы болмағы,
Адам болып уллы атақ алмағы,
Есигинде үйир-үйир мал билен.

Халықтың қатарда халық болыўы,
Қараңғы түнектиң жарық болыўы,
Көкиректиң шадлықларға толыўы,
Талап етсе, ҳужим етсе ел билен.

Дүньяға бийқарар келгенин билмес,
Я алыс, я жақын парқыны билмес,
Узақ жолға жүрсе ҳарыўды билмес,
Ғошшақ жигит удайына дос билен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Мақтымқулы мәғрип өтти дүньядан,
Әрман менен жоллар салып қыядан,
Өте алмай бөгетсиз теңиз, дәрьядан,
Өмиринше күни өтти зар билен.

Мен йығларман көрип заманның түрин,
Бәрҳә баян етсем сөзимниң бәрин,
Душпанларым жайды сөзиниң зәрин,
Көзим гиреўленди бәрҳа түн менен.

...Мен йығларман, аллага налыс етермен,
Бул дүньяда, бул қәпесте нетермен,
Әрман билен даўаласып кетермен,
Өлгенимше разыласып ел менен.

Мақтымқулы мағриптей алдыңды болжа,
Өлген соң аларсаң тилиңнеп олжа,
Қысқарт сөзди сорқайнаған Күнхожа,
Өлгениңше хошласып кет ел менен.

## НЕГЕ КЕРЕК?

Сайраған бүлбил болмаса,
Иши ҳаўазға толмаса,
Бәрқулла жайнап турмаса,
Ашылған гүл неге керек?

Сарқырап сууы ақпаса,
Еккен егинлер қанбаса,
Уақтында тасып тынбаса,
Аққан суўлар неге керек?

Узақтан көзге түспесе,
Шамалы қатты еспесе,
Төбеси бултқа тиймесе,
Асқар таўлар неге керек?

Жадырап жазы болмаса,
Шуўақлы көгал қылмаса,
Өз ўақтында жаўмаса.
Қара жамғыр неге керек?

Көрген нәрсесин алмаса,
Пәтленип қанат қақпаса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жоқ жерден анды таппаса,
Қаршыға қус неге керек?

Қарасын үзип кетпесе,
Артықша қарыў етпесе,
Қашақ қоянға жетпесе,
Қайың тазы неге керек?

Озалда төсин көрмесе,
Танлап жемлерин жемесе,
Байрақтан озып келмесе,
Дал бедеўлер неге керек?

Беллерин беккем буўмаса,
Өткен өшлерди қуўмаса,
Анадан артық туўмаса,
Пасық перзент неге керек?

Бойы күн сайын өспесе,
Душпан көкейин кеспесе,
Таймай гүреске түспесе,
Қорқақ палўан неге керек?

Халықтың арын арламаса,
Бары-жоқты барламаса,
Аш ҳәм тоққа қарамаса,
Аўан басшы неге керек?

Халыққа әдил болмаса,
Жылағанды жубатпаса,
Халық татқанды татпаса,
Тахт ийеси неге керек?

Еки жақты тең көрмесе,
Дуўры әдиллик бермесе,
Халық оған исенбесе,
Кәтқудалар неге керек?

Қайыры ашқа болмаса,
Қорасы малға толмаса,
Дүньяның жүзин шолмаса,
Аса байлық неге керек?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халыққа сөзи жақпаса,
Дәрьядай болып ақпаса,
Елди жаўлардан бақпаса,
Қуры батыр неге керек?

Ата-анасын күтпесе,
Айтқанларым ҳәм етпесе,
Ата-анам деп келмесе,
Жаман перзент неге керек?

Күндей күлип—жайнамаса,
Бүлбил болып сайрамаса,
Қуўанысып ойнамаса,
Қуў өмирлер неге керек?

## БАСТЫ ХОР ӘЙЛЕР

Бул дүньяға шыққан ғапыл адамлар,
Басыны мүҳминниң бир күн хор әйлер
Қайыр сақаўатсыз тағы зулымлар,
Ақыры болмаса басты хор әйлер.

Бүлбил киби хош ҳаўазда сайрасаң,
Ғумшаланып гүллер киби жайнасаң,
Ишинде қумғанның суўдай қайнасаң,
Онда сениң бар күшиңди зор әйлер.

Аўдармасаң туўры жолға ойыңды,
Көтерткизбес биреў ақыр бойыңды,
Жәбириў-жапа билен ашыў наныңды,
Ийт пенен қусларға таслап хор әйлер.

Бақыт ашылғанда солмай, жан берир,
Ай-күн билен нур сәўлели нур көрир,
Ҳәркимге мүнәсип төрде йол берир,
Онын парқын билген ўақты хош әйлер.

Ақыллы дос бул, сөзимди пәмде тут,
Аспаныў-зәмийинди алса да гүңгирт,
Жел қуўып думанды, бир күн кетер булт,
Булт кетсе, басыңа қус қонды дей бер.

Жақсының жомартлық кирер кеўлине,
Оның қуда берер ығбал-пейлине,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсының халық ерер қалмай кейнине,
Жаманнан бас болса, басты хор әйлер.

Сәркәрдаға ақлы-дана мол керек,
Жүрер соқпақ, туўры гүзар жол керек,
Сапасы көп, қуўат-күшли қол керек,
Бул ардайын болса, күши зор әйлер.

Анамнан туўғалы ашылмай көзим,
Дат енди, бир қуда мениң бир өзим,
Аҳ урсам, аспанға жетер бул сөзим,
Ўақты хош болмаған дат-пәрияд әйлер.

Жийемурат едиң тәнде қуўатым,
Аҳ урғанда, белде дәрман-мәдетим,
Сени айтпақ — үйренискен әдетим,
Шайыр Хожа ағаң дат-пәрияд әйлер.

## ӘРМАНДА

Қартайдым, жас басты өзимди мениң,
Душпан тыңламады сөзимди мениң,
Сарғыш басты, айтсам, жүзимди мениң,
Өлер болдым бул дүньядан әрманда.

Күнхожа атағым қалды кейнимде,
Мәңкур—нуңкир периште тур игнимде,
Нала шегип мен отырман шул күнде,
Соның ушын мен отырман әрманда.

Атам енди рәҳәтимди көре алмай,
Шалқып шады-куррам болып жүре алмай,
Өмиринде шалқып дәўран сүре алмай,
Нигарымнан кетип турман әрманда.

Бирге шықтым еңбеклепте билмедим,
Үш жасымда шақалақлап күлмедим,
Тилсиздей телмирип, телбезер болдым,
Мине кеттим бул дүньядан әрманда.

Қурысын бул дүнья, рәҳәт көрмедим,
Теңи-досым менен ойнап-күлмедим,
Шуғыллардың сөзлерине ермедим,
Өтер болдым бул дүньяда әрманда...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дүньяның бизге паяны бар ма?
Мениңдей бахытсыз, бахытқа зар ма?
Иштим асқатықсыз бир қара жарма,
Күнлерим өтип тур мениң әрманда.

Әрманым көп мениң ҳеш таўсылмайды,
Йығласам да, тилек қабыл болмайды,
Залымлар мөҳминниң кеўлин алмайды,
Мөҳминниң өмири өтти әрманда.

Әрман менен бул дүньядан өтермен,
Өлсем де хорлықты умытып кетпеспен,
Бул азаптан мақсетиме жетпеспен,
Соның ушын өттим, мынаў, әрманда,

Еримбет ағамнан жалғыз ул қалды,
Солғып тартып бағ ишинде гүл қалды,
Палек урды, пүтин дүнья толғанды,
Соның ушын өттим бүгин әрманда.

Бул дүнья қурысын дарбедер етти,
Кимселерге жүдә интизар етти,
Залым патша зулымлығын көбейтти
Бул дүньядан өттим мынаў, әрманда.

Залымлардың көз жасыны көрмесин,
Буннан арман шалқып дәўран сүрмесин,
Кейингиге бундай азап бермесин,
Азап берсе, тағы кетер әрманда.

Әрманлы адамның реңи жоқ болыр,
Әрмансыз қуўнақлы ҳәмде шоқ болыр,
Базыбиреўдиң еки көзи оқ болыр,
Оғы тийсе, сорлы адамға әрманда.

Бул дүньяда шығып рәҳәт көрмесе,
Теңи билен шалқып күлип жүрмесе,
Опасыз дүньяда дәўран сүрмесе,
Бул дүньядан өтти, кетти әрманда.

Бул дүнья барыны базар әйлейур,
Бир нешеге ғамгүн-азап әйлейур.
Бир нешелер шақақ урып сөйлейур,
Тийкарын билмесе бенде әрманда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмириң өтсе әрман билен дүньяда,
Сүйегиңиз қалар мәнзил қыяда,
Индегеннен индемеген зыяда,
Болмаса дүньядан өттиң әрманда.

Балаларым йығлады аллаға налып,
Бул яратқан йүрегиме дәрт салып,
Пуқаралар бул азаптан жол алып,
Кетпесе йүрерлер бәрҳа әрманда.

Ойласаң жигитлер, дүнья аз емес,
Мөҳминлерге аян, бәри саз емес,
Мен жазылып жүрер жерим жаз емес,
Соның ушын өмирим өтти әрманда.

Әрмансыз адам жоқ, патша болмаса,
Байлар, молла, қәтқудалар болмаса,
Яки дәулети асқан султан болмаса,
Әрман менен бул дүньядан өтерсең.

Әрман билен айтқан сөзим қалырлар,
Кейингилер ақылымды алырлар,
Мен сорлыны көрип дуға қылырлар,
Болмаса, дүньядан өттим әрманда.

Мақтымқулы мағриптей алдыңды болжа,
Саған өлим дәркар, жоқдур ҳеш олжа,
Жийемурат иним, атым Күнхожа,
Бул дүньядан өтер болдық әрманда.

## ЖАРЫМАДЫМ

Бул дүньяға шыққалы мен,
Қарным тойып жалшымадым,
Бул дүньяға шыққалы мен
Жалшымадым, жарымадым.

Дүнья бенденин ширкети,
Болмай истиң берекети,
Расулулланың үммети,
Ҳәсирет билен жарымадым.

Сөзимди тыңлаң халайық,
Усыма бизге ылайық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ортаға сөзди салайық,
Әрман билен жарымадым.

Бул дүнья өтер-кетер,
Өтпесе бир нәўбет жетер,
Мендей болған әрманда өтер,
Өмир зинҳәр жарымадым.

Еттим сабыр ҳақ исине,
Унталдым азыў тисине,
Залым мөҳминниң исине,
Өзим өлмей жарымадым.

Сөзимди жәрия әйлесем,
Қур далада қайғы жесем,
Дин Хорезмди излесем,
Ашна таўып жарымадым.

Күнхожа боп атым кешти,
Дүньядан еңбегим еш-ти,
Бир жәм етсем ақлы-ҳуўышты,
Жалғаншыда жарымадым.

Бул дүнья кейин бар ма екен?
Яки буннан да тар ма екен?
Мендей бәри аҳыў-зарма екен?
Қутылар күн болармекен?

Дүньяның таттым дузыны,
Душпан тыңламас сөзимни,
Думан қаплап жер жүзини,
Жақтылыққа жарымадым.

Балаларым отыр жалаңаш,
Күйик пенен ағарды шаш.
Атамнан қалған жүн шанаш,
Шанашқа да жарымадым.

Үлкен асым тыран шабақ,
Сап жегеним жекен табақ,
Табалмадым басқа тамақ,
Бир жутымға жарымадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жетпей тапқаным жутымға,
Қамысты жақтым отынға,
Түўесилмес бул ҳалыма,
Раўа болып жарымадым.

Мен өзим ҳақтың қулыман,
Дослардың сүйген улыман,
Ҳеш нәрсе келмес қолымнан,
Келсе, бир ис қылар едим.

Болмады сорлыда парық,
Аяғымда жаман шарық,
Астымдағы атым арық,
Көликке де жарымадым.

Мен сорлының иши дәртти,
Не қылайын мен қудиретти,
Биздейлерге салмас бетти,
Соның ушын жарымадым.

Жарымай дүнья барына,
Бенденин қарамай ҳалына,
Және басқаның малына,
Талап етип жарымадым.

Сөзим пәтиўасыз болды,
Сөйтип ишим дәртке толды,
Пайсаплар туўры жолды,
Тутпаған соң жарымадым.

Мақтамадым аталықты,
Сөйтип еттим қаталықты,
Ол ҳәм етти жаманлықты,
Сол азаптан жарымадым.

Атым мениң халыққа мәлим,
Сорлылықтан жетпес ҳалым,
Бул сөзим дүньяға мәлим,
Ақырет билен жарымадым.

## МЕНИҢ КҮНИМ

Қараңғы кеш қайғы менен түнерген,
Түршигип ҳәм мениң кеўлим елерген,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң күним қараңғылық ҳәм де түн,
Ай, жулдыз да нур сәўлесин бермеген.

Мениң күним жақтылығын жасырды,
Жылан сорып саў денемди исирди,
Жанып отқа денем мениң дағланып,
Күйдим, жандым, басыма от түсирди.

Қар ушқыны үрип аспақ жерлерге,
Зыяның тийгизди ашық еллерге,
Қараңғылық қара думан және түн,
Ашық нурын түсирмейди бизлерге.

Мен бахытсыз, күним қайда кетти екен?
Адастым ғой, зарым қайда жетти екен?
Мениң зарым күнсизлердиң зарлары,
Күнниң нуры жетпей маған нетти екен?

## НЕ БОЛДЫМ?

Шықтым дүньяға не көрдим,
Жасап дүньяда не болдым?
Қайғы-қапада жер болдым,
Қысым болды шыбын жанға.

Жасым жетти, исим питти,
Аз дәўран басымнан өтти,
Ғаррылық камалы жетти,
Енди бул ўақта не болдым?

...Тоным диземе жетпеди,
Жыламай күним өтпеди,
Ойлаған ойым питпеди,
Ҳәзир қартайып не болдым?

Көзим тынды ғиреўленип,
Ғаррылық нышаны енип,
Қабырғамды қайғы сөгип,
Қайғы қаплады не болдым?

Анадан жетим қалыппан,
Қаңғырған жетим болыппан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азғырды мени көп душпан,
Хорлықта ҳәзир не болдым?

Сақал-шашларым ағарды,
Ақша жүзлерим сарғайды,
Қол-аяғым салдырайды,
Ойлапың, ҳәзир не болдым?

Хабар келип тур өлимнен,
Жақын болып қайғы билен,
Қуўатым кетти белимнен,
Қартайып ҳәзир не болдым?

Бағда жүрип сайрамадым,
Ҳәр нәрселерди ойладым,
Қайғыда тисти қайрадым,
Ақыры халқым не болдым?

Жасым жетпей питти исим,
Нәрсе қалмай түсти тисим,
Жоқшылықтан кетти есим,
Шығып дүньяға не болдым?

## КИМ БИЛЕР?

Мениң ишим болды түтин,
Түтин екенин, ким билер?
Бузылса да хана пүтин,
Пүтин екенин, ким билер?

Бул гәпимнен жоқ хабарың,
Ишкенлерим болды ириң,
Жегенлерим болды желим,
Оны сорасып, ким билер?

Хожа шайыр қожбаңлайды,
Бираз адам аңламайды,
Айтқан сөзди тыңламайды,
Тыңламағанын ким билер?

Аспан билен жерди көкти,
Мен сордың зары гүңиреитти,
Мени заман ҳайран етти,
Ҳайран екенимди, ким билер?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул заман тағдың асып,
Басына бәлмат шашып,
Бир-бирине уласып,
Үн шыққанды, ким билер?

Мениң дәртим ишке толды,
Толғанынан гүлим солды.
Бир әламат заман болды,
Бул хорлықларды, ким билер?

Мен өзим йығлайман ҳаққа,
Не болдылар, ығбал—баққа,
Масқара болып бираз халыққа,
Азап-хорлықты, ким билер?

Барар жерим болды алыс,
Ҳаққа еттим мен бир ңалыс,
Болсам да сорлы жолбарыс,
Арыслан екенимди, ким билер?

Шайыр хожа баслар сөзин,
Тәрип еттирип өзин,
Қайғылар сарғайтты жүзин,
Сарғайтқаның, ким билер?

Мақтымқулыдай алдың болжа,
Ала алмадың сен бир олжа,
Әўере болған Күнхожа,
Бул заманыңды, ким билер?

## КӨЗИМ

Йырақ дүнья көрмей болдым әрманда,
Яшымнан гиреўки болдылар көзим,
Аға беглер, қайғы-ҳәсирет заманда,
Қалай күн көрермен, досларым, өзим?

Мениң көзим көрмес, аўырып барады,
Күн-күннен жазылмай егилип барады,
Көзи жоқтың билсең бақты қарады,
Аға беглер, тыңла, көрмейди көзим.

Ўай ағалар, бу не заман ғаплет дур,
Адамзатқа жаман қайғы-ғүплет дур,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирнешшеге ислер иси мəдет дур,
Меҳнат шул, ағалар, көрмейди көзим.

Көз көрмесе, исим оңалмас мениң,
Ығбалым жапар ма, ағалар, мениң,
Айтқаным болмады, оңалар мениң,
Қараңғы ғаплетте көрмейди көзим.

Көз көрмес, мени ғаплетлер басты,
Өткердим азаптан жетпис бес жасты,
Енди тек узамай өлиў мийрасты,
Аға беглер, жарық көрмейди көзим.

Пəлектиң гəрдиши урды өзимни,
Өзим соқыр, ким тыңлайды сөзимни,
Ақыр мениң солдырмағыл жүзимни,
Заман зардабында көрмейди көзим.

Көрмей көзим мени ҳайран етип тур,
Ақлы-ҳуўшым йығлаў менен кетип тур,
Бир нешшелер басларыма жетип тур,
Соның зардабынан көрмейди көзим.

Бул дунья өзимни ҳайран етерме?
Бул ақырет түплериме жетер ме?
Мендей болып бир нешелер өтерме?
Ашылып жақты боп көрер ме көзим.

Эй, ағалар, қараңғыда туншықтым,
Мен анадан туўып сəҳəтсиз шықтым,
Теңизде толқынсақ болыўбан ықтым,
Көрмеди жақтыны, ағалар, көзим.

## КӨРИНБЕС

Жерди, көкти қайғы-ҳəсирет қаплады,
Бул думаннан мениң елим көринбес,
Мен етермен күни-түни аҳыў-зар,
Қайғылықтан ата мəкан көринбес.

Дəрғаҳыңда ыйғлап нала етемен,
Хорлықтан мақсетке қалай жетемен,



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

Яр болмаса әрман менен өтермен,
Соның ушын алдағы ислер көринбес.

Қалайша мен, сениң қас бендең болдым?
Ўақытсыз ис ислеп минекей солдым,
Көз жумып думанға белимди буўдым,
Көп жүрсем де, алыс еллер көринбес.

Көрер көзим, аҳыў-зарым қайдасаң,
Барлығы да талабымның ойдасаң,
Ашық болып, жайнап-жаснап тойласам,
Жайлаў қайда? Думаннан ел көринбес.

Адастым дәрьяда, көрмеди көзим,
Қапалы дүньяда сарғайды жүзим,
Жеңил тәбиятлырақ еди минезим,
Бул заманда ата мәкан көринбес.

Думанда жарықты көрермен бәрҳа,
Шайыр Хожа, ҳарып-талма бел байла,
Өлгенше ҳарыма, сөз айтып шағла,
Шағламасам, енди исим көринбес.

Адасып думаннан кетермен болдым,
Ялғаншы дүньядан өтермен болдым,
Шадлығы жоқ, бәрҳа әрманда болдым,
Шағламасам, шадлық заман көринбес.

Тилеймен халайық алладан мәдет,
Бахыт берсең, мен айтарман рахмет,
Қорсет қудай, бар болсаңыз кәрамат,
Сенде бир ләйлисең, көзге көринбес.

Сақалым ағарды, түспеди олжа,
Мақтымқулы мағриптей алдыңды болжа,
Жасы жетип әўере болған Күнхожа,
Көзиң жумылғанша елиң көринбес.

## ЗАМАН

Қарап турсаң бул заманға,
Сондай жайсыз шыбын жанға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылға-сайлар толды қанға,
Әлеўмет, бул қандай заман?

Жылаған көп, өксиген көп,
Ҳәм ашлықтан ийт етин жеп,
Бир жутымға етеди еп,
Қайғы-қамал болды заман.

Жесир қатын, жетим уллар,
Тентиреп ботадай бозлар,
Шабаққа сатылды қызлар,
Ҳәсирет-қайғы болды заман.

Халық посып мәканынан,
Ҳәм айрылып жананынан,
Табалмай излеп шерек нан,
Қайғы-қырғын болды заман.

Малы бар, ҳеш нәрсе емес,
Оларға малсыз тең емес,
Алсақ, бул ўақ күн емес,
Қара түнек болды заман.

Ата баладан айрылып,
Қанат-қуйрықтан майрылып,
Тамақ табалмай сарылып,
Жүрген қайғы болды заман.

Бала-шағалар жалаңаш,
Пулсыз, тағы қарны аш,
Көзинен ағып қанлы яш,
Қыянетлик болды заман.

Егинлерди суўық урды,
Ерте бастан суў қурыды,
Кимлер асып кетти қырды,
Қыян-кести болды заман.

Көз көр болды жылай-жылай,
Суў ақпады, жаплар ылай,
Ем дәри болды басалай,
Аш-әптада болды заман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аштан өлгенлер көп болды,
Өликке жылға топ болды,
Ашлыққа ауырыу жуп болды,
Қыяп-кести болды заман.

## ЖЕТИМНИҢ ҲАҚЫН ЖЕП ҚОЙМА

Мөҳмин бенде жетим ҳақтың қулыдур,
Жетим ҳақын, наисаплар, жеп қойма,
Туўрышылық ҳақ безирген жолыдур,
Жетимлердиң ҳақыларын жеп қойма.

Жеме ҳақын адамлардың ҳешқашан,
Өтерсең дүньядан жесең—бий нышан,
Ғәрип-қәсер мөҳмин пуқара инсан.
Жетимлердиң ҳақыларын жеп қойма.

Шайырлардың едим өзим сәрдары,
Рәсиўлилла сүйген үмметтиң бири,
Аўырса да шүкир етер ҳәр жери,
Жетимлердиң ҳақыларын жеп қойма.

...Уўайымсыз ас ишсең, сүйегиң балқыр,
Ҳасыл ас ишпесең, суўда шөп қалқыр,
Биразлар жетимниң ҳақын жеп шалқыр,
Сен оныңдай жетим ҳақын жеп қойма.

Жетим деген ғәрип болар билсеңиз,
Ақша жүз сарғаяр оған күлсеңиз,
Бул гәпимди мениң жалған десеңиз,
Бир басқа бир өлим жақын, жеп қойма.

Мақтымқулы мәғрипгей алдыңды болжа,
Қысқарт сөзди енди саған жоқ, олжа,
Бул заманда әўере болма Күнхожа,
Сен де сөйтип жетим ҳақын жеп қойма.

## СӨҚ САНАР

Бармағыңды бүгесең,
Адамды жөнсиз сөгесең,
Бермести жаман көресең,
Қара берман сөк санарым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөкти санайсаң биреўлеп,
Көзиңниң алды гиреўлеп,
Қудай мал берди сүриўлеп,
Усы пығлың турса сениң.

Сонша малың бар қорада,
Түйең жайылар саҳрада,
Көп дәниң жатыр урада,
Бир қадақ дән ҳеш бермедиң.

Қарыз сорап келдим саған,
Не исиң бар дедиң маған,
Антлар иштиң сөйлеп жалған,
Ақыры жоқ боларсаң сен.

Қатыныңның аты Анар,
Ол бийшара көпти аяр,
Ҳарамы ҳаслың сөк санар,
Буйырмас бул жыйған малың.

Анаў, қойың өрис-өрис,
Сыйырың жүр гирес-гирес,
Түйе деген ол бир ырыс,
Ҳәммеси буйырмас саған.

Анаў, атларың үйирде,
Қос өгизлериң егинде,
Жылайсаң ылақ өлгенде,
Пейилиң тар екен сениң.

Көзиңди аш, қара маған,
Бир нәсият айттым саған,
Мәс болма малым бар деп оған.
Шарапатлы ислер исле.

Әзирейли жаныңды алар,
Алқымыңды кеспей сояр,
Жыйғаның артында қалар,
Бул пығлыңнан, сөк санар.

## БАРА АЛМАС

Түссе жумыс наданларға
Дәрман кеткенше бара алмас,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неге барсын ер оларға,
Сораған мутажын ала алмас.

Аллаң билер урса бетке,
Ишиң толар, көрсең дәртке,
Бийҳасыл туўған жигитке,
Адамлар шыдап бара алмас.

Шайыр халықтың сөзин айтар,
Надан болса иси қайтар,
Жақсы болсалар молайтар,
Жаманға адам бара алмас.

Шайыр айтар шағлағаның,
Шағламаса дағлағаның,
Аямаса досына жанын,
Душпанға сырын айта алмас.

Нәмәрттиң белгиси көпти,
Көрсеңлер шайтанлық етти,
Бурынғылар барма депти,
Сонлықтан адам бара алмас.

Дуньяның малын алса да,
Ғайратты өзи салса да,
Дәўлети асқан бай болса да,
Ҳақыны надан бере алмас.

Шайырлар тәрийп етип жүр.
Ақыл-ҳуўшым кетип жүр.
Бул дүнья ҳайран етип тур,
Тилегим мениң бола алмас.

Болса ойлаған тилегим,
Жарылар еди жүрегим,
Айтсам бузылар кеўилим,
Ойлағаным ойда болмас.

Мақтымқулыдай алдын болжа,
Ала алмай дүньядан олжа,
Соры қайнаған Күнхожа,
Айтқан сөзиң қалып болмас.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОБЫЗ

Жыраў сени қолға алып,
Түрли-түрли жолға салып,
Ҳәр намаңды ойға алып,
Бул қосықты айттым, қобыз.

Қулағың сениң шыйрылған,
Шанақта териң жыйрылған,
Таққан тар қылың айрылған,
Ғаңқылдайды бәрҳа, қобыз.

Адамға мегзес ийегиң,
Халықты жубатыў тилегиң,
Жаман қабақ‹ан тийегиң,
Наңқылдайды бәрҳа, қобыз.

Қызлар қарайды соныңа,
Ҳәрким ҳәўес даўысыңа,
Келер ҳәмме жан қасыңа,
Жыр төгесең бәрҳа, қобыз.

## ӨЛГЕН БАЛЫҚ

Қалашынан порсыған,
Көл жийегинде сасыған,
Өкпесин дәртлер осыған,
Мына жатқан өлген балық.

Аўға түсипти бийшара,
Жанына таба алмай ара,
Өкпесин осыпты жара,
Әрман менен өлген балық.

Өтип бастан жаслық шағы,
Бул басынан тайып бағы,
Қуўрап қапты қабыршағы,
Порсып атыр өлген балық.

Мийи кетип шекесинен,
Жатқан екен жүресинен,
Шанышқы тийип желкесинен,
Өлген екен усы балық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АРБА

Өгиздиң мойнын талдырған,
Ырғатылып жолды жырған,
Атақлы уста балта урған,
Кемешлериң сынық арба.

Бергенегиң беркинбегең,
Дегершигиң диркилдеген,
Өгиз жексе, зорға жүрген,
Арысың да жаман арба.

Тарбыйып жерди аласаң,
Өзиң билип қозғалмайсаң,
Сынсаң, ол жолда қаласаң,
Ҳаслың ағаш сениң арба.

Өгиз қоспай айланбайсаң,
Ойланып ҳәм уялмайсаң,
Май жақпаса, ўай-ўайлайсаң,
Қылығың да жаман арба.

## ҚАРА ТАС

Жаныса пышақ өтеди,
Қыры-қырына жетеди,
Алмас болып ҳәм кетеди,
Қайырың усы, қара тас.

Мунарланып таўда турсаң,
Төменге қарап қуласаң,
Адамның басын жуласаң,
Қайырың да аз, қара тас.

Намакештиң салған әни,
Усылардан шығар мәни,
Бийик таўдың сендур сәни,
Қабағын үйген, қара тас.

Күш керек сени жықпаға,
Бийик таўдан қулатпаға,
Қараз, дийирман соқпаға,
Қайым дәрпентсе, қара тас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УШҚАН ҚУС

Ҳаўада талпынып қанатып қаққан,
Ишине Әлемнин отларын жаққан,
Булт пенен бир жүрип, төменге сарыққан,
Қанатлы қалбығай ҳәм де ушқан қус.

Шаңқылдап узақтан даўысы шыққан,
Талпынып қанатын қағады шаққан,
Мойнына ҳасылдан ҳәйкелин таққан,
Қанатлы қыранлар ҳәм де ушқан қус.

Талпынып қәлпенин қолында турмай,
Отырар туғырда мойынын бурмай,
Шығар қоян қуўып қыяға бурмай,
Қанатлы қаршыға ҳәм де ушқан қус

Тумсығы иймейген, төслери таргыл,
Туйғынлар туяна туўысы ақыл,
Көргенин алады, дегени мақул,
Алыстан айырылып келур ушқан қус.

## АҚ ҚАМЫС

Жапырағын сарғышланып,
Көринеди көзиме,
Қайғы менен көп қыйланып,
Уйғарамап өзиме.

...Жапырағың жасыл емес,
Сарғайыпты ҳәммеси,
Бойларында бир тең емес.
Қаплап қайгы кемеси.

Көп шөллепсең, суў ншинде,
Батып-шүмип турсаң да,
Қалтырайсаң жел ескенде
Сонша тамыр урсаң да.

Тамырыңның пайдасы аз,
Беркиспеген ылайға,
Тоқсан түсип, болмады жаз,
Биз не қылдық қудайға?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ескен шамал сени қозғап,
Қайыстырды белиңди ,
Ушырады ер жетпестен,
Ғумшаланған гүлиңди.

Қарап турсам,
Сарғаймаған жериң жоқ,
Ислериңди ойға алсам,
Жақтыға шығар күниң жоқ.

Қара берман, қамыс сен де,
Бундай болып қуўрама,
Сендей болып турман мен де.
Көк тайғақтың үстинде.

## САЗАН АЎ

Салдым сени көлге апарып,
Түсер ме деп сазанлар,
Табанымды тас қопарып,
Қайнар ма деп қазанлар.

Қарап көрсем бүгин барып,
Сазан түўе шабақ та жоқ,
Қара суўды келдим жарып,
Емес мениң қарным тоқ.

Сени салып қара суўға,
Ҳешбир пайда таппадым,
Оқты атып ушқан қусқа,
Төсликлерин жаппадым.

Әрманым көп кеўилимде,
Сазан балық түспеди,
Қайыстырды қайғы мени,
Ҳешбир исим өнбеди.

Не болғаны талабыма,
Қыр шығады удайы.
Жалғыз балық болмаған соң.
Мен айтпайман қудайы.

Қайығым жоқ, жекен салда,
Таянаман таяўды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басқа нәрсе жоқ ғой қолда,
Салмасам да аяўды.

Бизиң талап келиспеди,
Қанша ғайрат салсам да,
Илгерилеп ис өнбеди,
Иске таққа турсам да...

## ҚАЗЫНЫҢ ИЙТИ

Бир қазы гирендеси менен киятырса, алдынан Күнхожа шығады. Киятырған қазының изинде жекен арқан таққан, үсти жабыўланған бир көпек ийти де бар. Ол қазы, алдынан шыққан Күнхожаға:

— Мусылманлық неше ис пенен дурыс болады?— —деп сораў қояды, Мусылманлық үш ис пенен дурыс болады,—дейди Күнхожа.

Сонда қазы: «бес ис пенен дурыс болады» деп, Күнхожаны жазаламақшы болғанда, Күнхожа:

— Тақсыр, бес истиң төртиншиси малдаи, бастан закат бериў дегени маған тийисли емес, өзим кәмбағалман, ал бесиншиси Қабаға барыў, бул да маған тийисли емес, маған Қабаға барыў түўе, үйге зордан барып жүрмен, сонлықтан усы екеўинен басқасын орынлаған адам мусылман болады,—дейди... Усы себептен қазы тәрепинен Күнхожаға тоғыз дүрре соғыўға буйырады. Қазының қасындағы гирендеси бунын надурыс екенин биледи ҳәм қазыдан сорайады. Қазы Күнхожаға: «Қәне, онда бизлерге бир нәрсе сыпатлап жазып берсеңиз» дейди. Күнхожа «Қайсынды сыпатлайын?»— деп сорайды: Қазы, «Қасымдағы көпекти сыпатлап бер»—дейди. Бул қосық Күнхожаның сондағы айтқаны:

Қазым, ҳақ сақласын көз бенен тилден,
Тәәжип шул ийттиң алты аяғы бар[1]
Аның ҳаслы аташ,[2] биз бәшергилден,
Нешше қулағы бар, шаш[3] дойнағы бар.

---

[1] Бунда шайыр қазының аяқларын да ийттиң аяқларына қосып есаплаған.
[2] Аташ—от.
[3] Шаш—алты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ушқан қусты йерден дәрпендирмийән,
Мың түмәндән неше шаҳға бермийен,
Неше ауға шапса бирин көрмийән,
Ҳәр томайда тоқсан таушан ҳаққы бар.

Зер зәрбап йуулы бар, йезден йалақы,
Лажыуар[1] қанаты, баддур[2] аяқы,
Әрўанаға мегзер екки додақы,
Әбиришимдән[3] гәрданында наққы[4] бар,

Мисли, адам киби көзден йашы бар,
Күнде-күнде қантыу-латтан ашы бар,
Көктен ушқан қусқа дәрталашы бар,
Мисли, әнуар гәрданында ҳоққы[5] бар,

Ҳаслын сорасаң: Иран, Туураннын саги[6]
Румда, Қайсарда, жоқ бунын ҳеш теңи,
Сенде қоймас журттың инақыу беги,
Сәдеп дәндәни бар, қуп додақы бар.

Қазым, бул ийтинды ийтдек көрмеңиз,
Баҳасына жүзди бер, елли бермеңиз,
Күнхожа айтар, қашар, ғапыл жүрмеңиз,
Буннан артық қандай ийттиң шақы бар.

## ЯРАНЛАР

Көрген соң тынарма Күнхожа сөзи,
Йығлар бул азаптан адамның өзи,
Баллардың ана деп, бул айтқан сөзи.
Бул сөзиме қулагың сал, яранлар.

Алла бизди еңиретти, жылатты,
Сау денемди теспей залым қанатты,
Қайсы еллер, қайсы шаҳлар абатты,
Қулақ салың бул сөзиме, яранлар.

---

[1] Лажыуар—пәтли.
[2] бад—самал.
[3] Әбиришим—жипек.
[4] нақ—бау, жип.
[5] Ҳоқ—түк, жүн.
[6] Саг—ийт.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылап-жылап шырақларым өшеди,
Бул истиң тәғдирин кимлер шешеди,
Йығлай-йығлай сорлы күни кешеди,
Не қыларман енди буған яранлар?

Зар жылап отыр ғой үйимниң иши,
Мениң жайым жертөлениң мүйеши,
Еки ул бар, аға, өзимнен киши,
Не қыламан енди буны, ағалар?

Жылайды бийшара анасын айтып,
Дәрт үстине және дәртти молайтып,
Жүрермен, ағалар, дүньяда айтып,
Бир басқа бир саўда түсти, яранлар.

Бул басым берк екен, жарылған емес,
Залымлардың күни тарылған емес,
Бизлердей душпаннан арылған емес,
Душпанларға бахыт берди, яранлар.

Бул дүнья өтерсең, ақырың паны,
Алдадың қыядан жол салып мени,
Саў болса ағалар, адамның дени,
Бир басқа бир саўда болды, яранлар.

Жетимлер телмирип жерди қазарлар,
Мениң бүлгенимди кимлер жазарлар,
Мөҳмин қулға бермес едим ҳазарлар,
Бир басқа бир саўда болды, яранлар.

Бул дүньяның опасы жоқ, бийпаян,
Ол сениң өзиңе әўелден аян,
Илая душпанлар болсын зым-зыян,
Болмаса, ҳал қыйын болды, яранлар.

Яранлар, дәўранлар бастан өтер ме?
Әрман менен мендей сорлы кетер ме?
Я болмаса, тағы қолым жетер ме?
Бир басқа бир саўда түсти, яранлар.

Заман тар, ағалар, қулақ салсаңыз,
Мениң берген ақылымды алсаңыз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тилегимди, дослар, қабыл қылсаңыз,
Алла аманатын алар, яранлар.

Бул заман тарылды, ўақтым өт енди.
Не қылайын, айтып енди бөтенди,
Мендей сорлы жылаў менен өтеди,
Бир басқа бир заман болды, яранлар.

Теңизде аў салсақ, ҳәргиз балық жоқ,
Я болмаса, шады-қуррам халық жоқ,
Мен сорлыдай ғәриплерге жарық жоқ,
Қараңғы думанда қалдым, яранлар.

Заман тарылып тур, аспан тутылып,
Табалмадым бәрҳа жолды умтылып,
Залым жәбиринен әрманда қалып,
Бир басқа бир заман болды, яранлар.

Мен жыларман бир алалаға зар-зар,
Басымды саўдаға салсам, жоқ базар,
Залымнан, беглерим, көп жердик азар,
Бир басқа бир заман болды, яранлар.

Шайырлардың қәлем алып жазғаны,
Адамның да шаян шағып азғаны.
Тулпарлардан ябылардын озғаны,
Әжеп тәўир заман болды, яранлар.

Бул заман тарылды кейни болмады,
Залымлардың қызыл гүли солмады,
Кеўлиниң хошы жоқ, жолым болмады,
Басқа ақыр заман түсти, яранлар.

Мен жылайман зар-зар етип аллаға,
Душпанлар қанықдур қуран, оллаға,
Тыңла сөзлеримни, Жийемурат аға,
Бир басқа аламат болды, яранлар.

Биреў өлсе, ҳеш ким оған қарамас,
Қорыққанынан арзы-ҳалын сорамас,
Адамлардың күни кешер, жарымас,
Бир басқа бир заман болды, яранлар



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул заманның гәрти пәлек пе, бәт-пе?
Яки иштен кетпес, таўсылмас дәрт-пе?
Пуқаралар мәрт-пе яки нәмәрт пе?
Бир басқа бир заман болды, яраплар.

Байға жүрсе жарлы ҳақын алалмай,
Ойнап-күлип жаслар шалқып жүре алмай,
Бир кеткенлер ел диийдарын көре алмай,
Бир басқа бир заман болды, ярандар.

...Ўа дариқа, бул дүньяда қызық жоқ.
Ғәриплерде әзизлик бар, бузық жоқ,
Бийгиден өтерге белли сызық жоқ
Аламат-баламат болды, яранлар.

Қапалықта бул дүньяда йығларман,
Азап билен қара бағрым дағларман,
Қашан ўақтым, бахтым келип, шағларман?
Адамның руўхы гада, яранлар.

Не әжеп саўдалар түсти басыма,
Қуда рәҳим еткей аққан жасыма,
Келсе де, не қылсын, туўған қасыма,
Бир басқа бир саўда, болды, яранлар.

Сөзди айттым бәрҳа туўры жол гөзлеп,
Турақ жай таппадым, дүньяны излеп,
Рети келгенде, гейде көп сөзлеп,
Дүньядан жарымай өттим, яранлар.

Ҳаққа күнде дады парияд етермен,
Бақ келмесе, әрман менен өтермен,
Азап пенен сум дүньядан өтермен,
Өтпесиме шара жоқдур, яранлар.

Сарғайып тур уўайымнан реңким,
Бул қысыметтен ҳеш ўақ йошпайды кеўлим,
Артықша айтыўға жетпес шыдамым,
Бир басқа бир заман болды, яранлар.

Эй, кеўлим, ойланып, көп сабыр қылғыл,
Өзиңниң исиңе мустәкәм болғыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлердей болмағай қызың ҳәм улың,
Бир басқа бир заман болды, яранлар.

Аға беглер, артық дәўлет нетейин,
Өлгенимше барын айтып өтейин,
Залымлардың түплерине жетейин,
Десем де, болмады талап, яранлар.

...Кетти ишкен асым бәри уўланып,
Отырғанда бала-шаға шуўласып,
Ғамгун болып ҳәммелери жыласып,
Отырғанда, әрмандаман, яранлар.

Дүньясы қурысын, алдады мени,
Пир Алий, Сүлейман жалмады мени,
Өткен ўақыялар усындай еди,
Қулақ салың бул сөзиме, яранлар.

Бузылған соң өрисинен үйирим,
Туўысқанға бурып тур-аў бүйирим,
Саўыўға болмады жалғыз сыйырым,
Бир басқа бир заман болды, яранлар.

Шектим өмиримше жәбириў-жапа,
Бир аллам еттилер мен сорды қапа,
Бул өмирде сүрмей бир заўқы-сапа.
Басымыздан дәўран ушты, яранлар.

Бул заман тарылды, тартылды танап,
Өмирдиң азабын болмаспан санап.
Жүрмедим, ағалар, бир майдан шағлап,
Бул дүнья ақырет болды, яранлар.

...Душпанға сырыңды қылмағыл аян,
Узақ өмириңе етерлер зыян,
Шағып денелерин ол уўлы жылан,
Биразлардың өмири өтти, яранлар.

...Диний Хорезмге пәрман әйлеген,
Удайына халыққа өтирик сөйлеген,
Залым болып елин-журтын бийлеген,
Залымлардан айра түсир, яранлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Залымлардың бир қылығы ел гезер,
Оннан бетер халықты етер телбезер,
Қолынан келгенше табанға езер,
Бир басқа бир саўда болды, яранлар.

Ағалар, кетпеди басымнан мәўжит,
Бермесе нәйлермен наданға мансут,
Бенделер жеткейлер илая мақсут,
Заман ҳәртүрлиге дөнди, яранлар.

Айра түстим туўып өскен елимнен,
Қартайдым, дәрманым кетти белимнен,
Йырақ болып турғаным жоқ елимнен,
Бир басқа бир саўда түсти, яранлар.

Бир нешшениң дослар, қудайы берген,
Аларны мастана көзлерим көрген,
Мениңдек боп неше адамлар жүрген,
Ғәрипке де қол жетерме, яранлар?

## НӘЙЛЕЙИН

Ашықлардың айтқан зарлы сөзлерин,
Қулақ салың өзим баян әйлейин,
Ояйын залымның еки көзлерин,
Қулақ салың бәрин баян нәйлейин.

Олардың дәрдинен тиследим бармақ,
Залымлар салған соң аямай қармақ,
Бир басыма түсти бул аўыр салмақ,
Ада болмас ислер болды, нәйлейин.

Қудиретиңе еттим илая пәрман,
Сениң ислериңе етермен гүман,
Күн-күннен қапылып баратыр заман,
Ада болмас ислер болды, нәйлейин.

...Қосылысып қушақларын ашқанда,
Душпанына уўлы зәҳәр шашқанда,
Залымлардан айра түсип қашқанда,
Ада болмас ислер болды, нәйлейин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аға беглер, тыңла қапылған жәҳан,
Ғәрипликте еттим душпанға пинҳан,
Қарным тойып жемей кеткеним эрман,
Бир басқа бир саўда болды, нәйлейин.

Ғәриплердиң қара болған бахтына,
Отлар жақсам залым патша тахтына,
Зулым етер удайына халқына,
Ада болмас ислер болды, нәйлейин.

Мен йығларман яратқанға зар етип,
Бул азапты, бул хорлықты нала етип,
Азап-ақырет өмиринше көрсетип,
Бир басқа бир өлим болды, нәйлейин.

Бул зарымды мениң кимлер биледи,
Қара қапыл етти, көзим көрмеди,
Налыс етип гирян бөлып өледи,
Бир басқа бир саўда болды, ярaнлар.

Ашықлар яндылар сергил дәртинен,
Айрылдылар эрман менен мәртинен,
Қудайым сақлағай кеўил гиртинен,
Әжеп тәўир‹ заман болды нәйлейин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ


| | |
|---|---|
| Жайлаўым | 3 |
| Өлим | 4 |
| Ойда | 5 |
| Қашан көрермсн | 5 |
| Боларма екен? | 6 |
| Күн қайда | 7 |
| Ярым хош енди | 10 |
| Қайтып кел | 11 |
| Қызыл қум | 12 |
| Шопанлар | 12 |
| Ешким бар | 13 |
| Жаў торғай | 14 |
| Азыўлы | 16 |
| Доңыз қабақ | 16 |
| Шалықлап мақсетли жерге баралмай | 17 |
| Мениң балам | 18 |
| Бай баласы | 20 |
| Көрерсеп | 21 |
| Келин | 22 |
| Умытнаспан | 23 |
| Түйе екенсең | 26 |
| Орақшылар | 28 |
| Ел менен | 29 |
| Неге керек? | 31 |
| Басты хор ойлер | 33 |
| Әрманда | 34 |
| Жарымадым | 36 |
| Мениң күним | 38 |
| Не болдым? | 39 |
| Ким билер? | 40 |
| Көзим | 41 |
| Көринбес | 42 |
| Заман | 44 |
| Жетимниң ҳақын жеп қойма | 46 |
| Сөк санар | 46 |
| Бара алмас | 47 |
| Қобыз | 49 |
| Өлген балық | 39 |
| Арба | 50 |


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара тас . . . . . . . . . 50
Ушқан қус . . . . . . . . . . . 51
Ақ қамыс . . . . . . . 51
Сазан аў . . . . . . . . . 52
Қазының ийти . . . . . . . . . 52
Яранлар . . . . . . . . 54
Нәйлейин . . . . . . . . . 59

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кунхожа Ибрайым улы

**С НАРОДОМ**

*Избранные стихотворения*

*На каракалпакском языке*

Издательство «Каракалпакстан»

Нукус — 1989

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редактор *Ж. Өтениязов*
Художник *Қ. Рейпназаров*
Худ. редактор *А. Әметов*
Тех. редактор *Ж. Сейтимбетов*
Корректор *З. Жуманова.*

**ИБ № 3311**

Териўге берилген ўақты 13. 03. 1989. Басыўға рухсат етилген ўақты 26.04.89. Форматы 84x108 1/32 Қағаз № 2 Кегль 10. Әдебий гарнитура. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 2,0 баспа табақ. 3,36 шәртли баспа табақ. 2,70 есап баспа табақ. Заказ № 852. Тиражы 5000. Баҳасы 30 т.

«Қарақалпақстан» баспасы. 742000 Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚҚАССР баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик комитетиниң «Правда» газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты.
742000. Нөкис қаласы. К. Маркс көшеси, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi